

Blue Hill Avenue Plan Daksyon Pou Transpòtasyon!


Reyinyon Kominotè
24 Janvye, 2023



Welcome! ¡Bienvenidos! Byenveni!




- This meeting **will be recorded**.
 - Esta reunión será grabada.
 - *Reyinyon sa a ap anrejistre.*
- Update your name in Zoom to include your preferred name and your pronouns.
 - Actualiza tu nombre en Zoom con tu nombre preferido y tus pronombres.
 - *Aktyalize non w sou Zoom pou w mete non prefere w ak pwonon w.*



Welcome! ¡Bienvenidos! Byenveni!



- Your microphones are turned off to start. You will need to unmute to speak. Joining via phone? Press ***6** to unmute.
 - Tu micrófono está apagado al empezar. Tendrás que reactivarlo para hablar. ¿Participando por teléfono? Presiona *6 para reactivar el micrófono.
 - *Mikwo w fèmen pou kòmanse. Ou pral bezwen ouvri mikwo a pou w pale. W ap konekte pa telefòn? Peze *6 pou ouvri mikwo a.*
- You can use non-verbal feedback options. Raise your hand or leave a message in the chat box if you have a question. If you called into the meeting, use ***9** to raise your hand.
 - Puedes utilizar las opciones de reacción no verbales. O dejar un mensaje en el chat si tienes alguna pregunta. Si estás llamando por teléfono usa *9 para levantar la mano.
 - *Ou gendwa sèvi ak opsyon fidbak non-vèbal. Leve men w oswa kite yon mesaj nan bwat tchat la si w genyen yon kesyon. Si w konekte nan reyinyon an, sèvi ak *9 pou leve men w.*





Kirstie

Byenveni!

Blue Hill Avenue Plan Daksyon pou Transpòtasyon

Reyinyon Kominotè
24 Janvye, 2023





Kirstie

Ou kapab jwen anrejistreman reyinyon 25 Oktòb ak
15 Novanm nou yo avèk lòt materyèl pwojè yo nan
sit sa a:

boston.gov/bluehillavenue



Kirstie

Objektif Pwojè yo

Objektif 1: Amelyore sekirite pyeton yo sou Blue Hill Ave

Objektif 2: Ogmante opsyon transpòtasyon ak jan nou kapab konte sou yo

Goal 3: Konekte investisman enfrastrikti ak travay lòt depatman Vil ak ajans Leta yo (*pa egzanp lojman ak devlopman, biznis ak devlopman ekonomik, rezistans enwiwonmantal ak amelyorasyon domèn piblik yo*)



Kirstie

Objektif Reyinyon yo

Objektif 1: Oryante rezidan yo de ki kote pwojè sa a sòti, ki moun kap patisipe ladann, ak poukisa pwojè sa a diferan

Objektif 2: Bay dènye enfòmasyon sou planifikasyon etid ak aktivite angajman ansanm ak BHA, enkli kijan pou patisipe.

Objektif 3: Pataje dènye enfòmasyon yo epi reponn kesyon ki komen yo sou sèvis transpòtasyon sou Blue Hill Ave an

Objektif 4: Konekte opinyon sou reyinyon piblik yo avèk lòt fòm angajman yo



Règ Fondamantal

1. Genyen respè yon pou lòt nan plas sa a (*Konsiltan, manm kominotè ak ajans minisipal yo*).
2. Itilize deklarasyon “Mwen” . Si ou reprezante yon asosyasyon katye oswa yon gwoup, tanpri di nou sa pandan ke wap pale.
3. Avanse ak rekile .
4. Ap genyen yon bon kantite tan pou kapab bay opinyon-w ak fè diskisyon alafen, tanpri eseye limite kesyon-w yo jiska lè sa a .



Kirstie

Ajanda pou Aswè a

1. Rankontre Ekip la ak Apèsi Pwojè a
2. Angajman piblik la
3. Apèsi sou enfomasyon Blue Hill Ave: MBTA
4. Kijan pou kapab patisipe



Kirstie

ENTWODIKSYON SONDAJ

1. Ki fason prensipal ou vwayaje sou Blue Hill Ave an?

(mache, bisiklèt, machin, transpòtasyon piblik, lòt)

2. Poukisa se fason prensipal sa a ou itilize pou vwayaje?

3. Ki kòd postal lakay ou?

(Si-w pa kapab fè sondaj la travay, santi-w lib pou itilize Chat la)



Kirstie

Blue Hill Avenue

Rankontre Ekip la ak
Apesi Pwojè a





Kirstie

Ekip Sektè Piblik la

DEPT TRANSPOTASYON NAN BOSTON



Kirstie Hostetter
Manadjè Pwojè



Charlotte Fleetwood
Mattapan Square

LOT DEPATMAN VIL YO

Biwo pou Lojman
Biwo Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon
Planifikasyon Boston ak Otorite pou
Devlopman
Biwo Sèvis Katye
Biwo Nouvo Mekanik Iben
Biwo Atizay ak Kilti
Komisyon Dezabilite yo
Komisyon pou Ansyen yo

MassDOT/MBTA

Erik Scheier
MBTA Livrezon
Kapital

Andrew McFarland
MBTA Priyorite
Transpòtasyon Piblik

Phillip Cherry
MBTA Priyorite
Transpòtasyon Piblik

Benjamin Muller
MassDOT Distri 6 (Blue
Hill Ave/Boston)



EKip Moun Ki Angaje yo

KONSILTAN KI ANGAJE YO

Grayscale Collaborative



Stephen Gray



Anne Ning Lin



Caroline Filice Smith

Chemen ki Pwisan yo



Allentza Michel

Gwoup Konsepsyon pou Zouti



Jeff Rosenblum

Konsiltan LeLa



Ishmael D. Hazelwood



Chavella Lee-Pacheco

Vrè Konvèsasyon pou chanjaman



Ceasar McDowell

KOLABORATÈ KOMINOTÈ

Mattapan Food and Fitness Coalition
Greater Mattapan Neighborhood Council
Morning Star Baptist Church
Mattapan Square Main Streets

AJANS BIBLIK YO


Depatman Tranpòtasyon Boston

JISKAPREZAN FÒMASYON MOUN KI GEN ENTERÈ YO AVÈK:

Garrison Trotter Neighborhood Association
Greater Grove Hall Main Streets
Project R.I.G.H.T. Inc.
Franklin Park Coalition
Mattapan Teen Center
Prince Hall Grand Lodge
Mattapan Community Health Center
Franklin Park Zoo



Ki Kote ak Kijan Nap Travay



Depi Jen 2019:

20	Reyinyon piblik o sijè BHA oswa Mattapan Square	14	Sesyon Fòmasyon
11	Moun ki vivi an pèsòn	1	Yo voye lèt nan distans de 0.5-mi de BHA
3	Mach kominotè	500+	Repons Sondaj

Kijan nap travay diferamman:

Apwòch Holistik nan Blue Hill Ave

- Pa sèlman ranspòtasyon...
- Epitou domèn piblk, lojman ak devlopman, biznis ak travay





Opinyon sou Fòmasyon moun ki gen enterè

Avèk ki moun nou dwe pale?

- Rezidan lojman piblik yo
- Granmoun yo
- Fanmi ki genyen timoun piti
- Jen ak Elèv yo
- Biznis ak Achtè yo
- Legliz yo
- Sant Sante yo
- Devlopè ak pwopriyetè bilding yo
- Siklis/Chofè/Pasajè Otobis yo

A kisa siksè a sanble?

- **Sant kalite pou lavi, sante ak sekirite** (chalè nan zile yo, kalite lè a, sekirite pou pyeton, espas vèt)
- Rasire ke pwojè sa a rann li konvenab ak fyab pou-n genyen aksè ak biznis, sèvis, ak sant kiltirè yo
- **Yon sèl gwosè pap bon pou tout nan Blue Hill Ave.** Kijan nou kapab adapte chanjman an a bezwen lokal yo an patikilye ?



Opinyon De Angajman Vityèl

“

Kisa kap fè [Blue Hill Avenue] pi bon? Kalme Trafik la, **ranfòse pakin, ensantif finansyè pou kite machin lakay ou** defwa, fè sifas wout pi dous. Epi kèk bèl kafe ak restoran ak patio yo.

BHA Email Inbox, Nov '22

“

Medyan yo ansanm avèk longè blue hill ave an byen gran (vas) (vast) epi fè otobis yo pase nan yon lòt wout ansanm avèk liy mitan an kapab rann vwayaj la pi fasil **pandan lè anbouteyaj nan maten ak aprè midi**

Community Inquiry Form, Oct '22

“

“**[Otobis kap kouri nan liy mitan yo] ap okazyone plis trafik** menm jan ak Columbus Ave...Mwen fè wout Blue Hill lan chak jou e sa a ap yon bagay ki pi pa bon ki te kapab rive nan katye **mwen an.**

BHA Email Inbox, Nov '22

“

Nou renmen ale nan [Franklin] pak, men sa fè pè lè-w prale la... **Machin yo kouri anpil epi yo pa menm gade pou yo wè si genyen yon moun nan pasaj a pyeton an.**

Community Inquiry Form, Jan '23



Stephen

Blue Hill Avenue

Angajman Piblik





Stephen

Angajman Piblik: Done ak Pwosesis

Vil la avèk ekip ki angaje a pran angajman pou yo pran desizyon ke yo byen enfòme de li ki baze sou done ki reponn ak kesyon ke piblik la poze yo.

- Etid planifikasyon kap vini yo gen ladan:
 - **Etid enpak sou lojman** - dirije pa Biwo Lojman Majistra a avèk MAPC
 - **Etid pakin ak rapò rekòmandasyon nan lavni** - dirije pa MAPC
 - **Etid aprè ke Columbus Ave fin enplemante** (an pwogrè) - dirije pa BTD
- Nou pral konsantre sou topik sa yo nan reyinyon kap vini yo.
- Si ou genyen lòt kesyon pou poze a ekip nou an, tanpri ranpli [Fòm Google sa a!](#)



Stephen

Angajman Piblik: Envestisman pou Sekirite Pyeton yo

Vil la ak ekip ki angaje yo pran angajman pou amelyore sekirite pou pyeton yo sou Blue Hill Ave.

- Ki siyifi amelyore twotwa ak wout yo, tan siyal la ak lòt estrateji yo.
- Sa a pa oblije genyen ladann liy otobis ki nan mitan yo.
 - Vil la genyen yon opinyon sou benefis priyorite otobis/liy mitan pou otobis yo.
 - Vil la ap sèlman depanse lajan piblik la pou yon pwojè ke piblik la sipòte.
- Vil la ap investi nan amelyorasyon enfrastrikti nan Blue Hill Ave.
 - Nati egzak desen an pral detèmine daprè angajman soutni ak varye ak moun kap viv, travay, jwe, ak prye ansanm nan BHA.



Stephen

Angajman Piblik: Finansman Kominotè

Vil la ak ekip ki angaje a **kwè ke finansman piblik pou pwojè sa a dwe ale sou priyorite ke piblik la baze yo..**

- Sa siyifi ke Vil la pral regilyèman pataje done ak mizajou angajman yo epi yap transparan nan fason ke yap pran desizyon pou desen ak aplikasyon an.
- Sa siyifi tou ke Vil la pral bay diferan opòtinite ki aksesib pou konekte avèk ekip pwojè a.
 - Vityèl, an-pèsòn, ki baze sou sondaj

AKTIVITE KAP VINI YO:

- “Vrè Konvèsasyon” sesyon -konvèsasyon sekre ki trè pwofon **o sijè BHA**
- **Lè pou yo depoze moun chak semèn nan Mattapan Station ak Grove Hall**
- **Reyinyon piblik chak mwa jiska Jiyè**
- **Opinyon pasajè otobis yo sou wout BHA la**
- **Opinyon sou Biznis ansanm ak BHA**
- **Fòmasyon aprantisaj angaje ki konsantre sou Jèn yo**
- Ekspozisyon entèaktif **enfòmasyon**



Jeff

SONDAJ

Nou te pale de avantaj potansyèl pou redesine Blue Hill Avenue ak enkyetid komen ke nou te deja tande.

Ki Enkyetid yo ta dwe bay priyorite pandan angajman ak planifikasyon an?*

- A) Ogmante konjesyon machin yo/plis trafik
- B) Pèdi aksè ak plas ki enpòtan yo
- C) Ogmante pri lwaye yo ak lojman
- D) Enpak negatif sou ti biznis yo
- E) Mwen pa genyen anpil enkyetid
- F) Ide-m nan pa nan lis la - Map tape pam nan nan chat la

*Jiskaprezan yo te pran kategori sa nan fidbak yo, epi yo pa genyen entansyon pou yo konplè



Jeff

POLL

Nou te deja pale de avantaj potansyèl pou redesine Blue Hill Avenue ke moun yo ap tann.

Ki avantaj potansyèl nou dwe bay priyorite pandan angajman ak planifikasyon an?*

- A) Sekirite pou pyeton yo
- B) Sekirite pou moun ki monte bisiklèt yo
- C) Yon sèvis otobis pi rapid ak pi fyab
- D) Plis espas pou pyebwa, ban ak lòt ekipman yo
- E) Mwen pa enterese wè okenn chanjman
- F) Ide-m nan pa nan lis la - Map tape pam nan nan chat la

*Jiskaprezan yo te pran kategori sa nan fidbak yo, epi yo pa genyen entansyon pou yo konplè



Andrew

Blue Hill Avenue

Done enstantane: MBTA





Andrew

K: Kijan ou atann moun yo chwazi pou pran otobis si yo pa fyab?

Se poutèt sa ke MBTA ak Vil la ap defann liy otobis ki nan mitan yo oswa lòt priyorite otobis ki genyen bon kalite sou Blue Hill Ave.

- Pasajè otobis yo sou Blue Hill Ave an ansanm yo pèdi **3,056 èdtan pa jou nan semèn nan akòz trafik ak reta.**
- Liy otobis ki nan mitan yo ap retire otobis yo nan trafik, sa ap fè yo pi fyab.



Li ta dwe pran **15 minit pou vwayaje nan otobis sou Blue Hill Ave** soti Mattapan Sq ale Grove Hall si yo mete liy otobis nan mitan an.




Andrew

K: Ki sa MBTA ap fè pou otobis pase pi souvan?

Nan senk ane kap vini yo, objektif MBTA se ogmante sèvis otobis yo a 25% nan tout sistèm nan avèk yon gwo ogmantsyon nan Blue Hill Ave.

- Grove Hall ap wè yon ogmantasyon de 193 vwayaj otobis pa jou.
- Plis otobis ap sou wout la nan lè kote anpil moun ap tann otobis, pou bay pi bon sèvis tout jounen.
- Depann de kote ou ye sou Blue Hill Ave an, yon otobis ap vini ant chak 2.7 ak 6 minit.






Andrew

K: Kijan pi bon sèvis otobis la ap ede ti biznis yo?

Pasaje otobis yo kapab ede devlope ti biznis yo nan distri a epi kontribye a rann zòn pi aktif.

- Plis pase 12,000 pasaje monte ak desann otobis yo chak jou nan semèn nan sou Blue Hill Ave nan sid Morton St tou prè Mattapan Square.
- Plis pase 5,573 pasajè monte ak desann otobis yo pa jou nan ak otou Grove Hall.
- 20-50% moun ki abite nan katye yo sou Blue Hill Avenue an pa genyen aksè ak yon machin





Jeff

SONDAJ

Lè-w vwayaje sou Blue Hill Ave, dabitid konbyen lòt moun ki nan menm machin nan (machin, otobis, elatriye) avèk ou?

- 0 (Dabitid mwen vwayaje pou kont mwen)
- 1
- 2
- 3 oswa plis

(Si-w pa kapab fè sondaj la, santi-w lib pou itilize Chat la)



Kirstie

Blue Hill Avenue

Kijan pou patisipe





Kirstie

SONDAJ

Tanpri itilize sondaj Zoom nan pou endike nivo enterè-w genyen pou angaje ak patisipe nan aktivite kap vini yo.

Si-w chwazit “Wi” oswa “petèt,” ekip la gen dwa kontakte-w avèk plis enfòmasyon konsènan angajman kap vini yo.

(Si-w pa kapab fè sondaj la, santi-w lib pou itilize Chat la).

AKTIVITE KAP VINI YO:

- “Vrè Konvèsasyon” sesyon - konvèsasyon sekre ki trè pwofon o sijè de Blue Hill Ave
- Orè pou yo depoze moun chak semèn nan Mattapan Station ak Grove Hall
- Reyinyon piblik chak mwa jiska Jiyè
- Sondaj pasajè otobis yo nan wout sou BHA
- Sondaj biznis sou BHA
- Fòmasyon aprantisaj angaje ki konsantre sou jèn yo
- Ekspozisyon entèaktif ak enfòmasyon yo



Kirstie

Kijan pou Rete Konekte

Enfòmasyon Kontak ou

Telefòn: **617-635-3944**

Sitwèb: **[boston.gov/bluehillavenue](https://www.boston.gov/bluehillavenue)**

Imèl: **bluehillave@boston.gov**

Ki lòt kesyon ou genyen? **[Fè nou konnen lè-w sèvi ak fòm sa a!](#)**